TSJETSJENSK

Гуьнилла Волде

# Томас д1ац1анйеш ву



АШЕХОУГ

Томаси дуккха а ловзо тайнигаш ю.

Амма х1инца цунна шен Чак1орница ловза лаьа,

ткъа  Чак1орни

карош яц.







Т1аккха Томасо лаха еза иза. Шун к1елахь юй Чак1орни?

Х1ан-х1а, цигахь яц Чак1орни.

Цигахь лаьтта стигал басахь пийл.



3



4

Маьнги к1елахь юй техьа Чак1орни?





Х1ан-х1а, цигахь кубикаш а, ц1ерпошт  а ю,

мичахь ю ца хууш хилла йолу.



Г1анта т1ехьа юй ткъа Чак1орни?

Х1ан-х1а, цигахь 1уьллуш ерг Чак1орни яц.





Иза машен а, йоккха буьрка а ю.



Таккха хьожу Томас куз к1ела.

Цигахь карайой техьа Чак1орни Томасин?





Х1ан-х1а, амма цигах1 карайи цунна тептар а, къолам а,

сурташ дохку альбом а, басарийн ботт а, карс а.



Томасин бедараш йолу шкаф чохь лечкъана-м яц техьа Чак1орни?





Х1ан-х1а, амма хелхар дан сов самукъане йолу тайниг а, латт охку машен а

ю цу чохь лечкъана йоллуш.



Тайниган т1орказ чохь ткъа? Юй Чак1орни цу чохь?

Х1ан-х1а, цигахь буьрка а, сов хаза куй а бу.





Буьрка юха а! Иза ма тамашина ду,

х1инцца г1анта т1ехьа ма яра иза!



Ма кегари бу кхузахь!

Муха карор ю Томасин Чак1орни кхузахь?





Нагахь Томасо д1ац1анйахь каро мега

цунна Чак1орни.



Томасо схьаоьцу буьрка,

машен а,

ц1ерпошт а,

кубикаш а,

пийл а,





хелхар дан сов самукъане йолу

тайниг а,

тептар а,

сурташ дохку альбом а,

къолам а,

басарийн ботт а,

карс а.



Ткъа латт охку машен а д1айилла еза цо.





Тайниган т1орказ а, цу сов хаза куй цхьана.



Вай, хажал цкъа! Мила ю иза цу хаза куйна к1елахь 1уьллуш ерг?





Иза-м Чак1орни ма ю. Цигахь 1уьллуш хилла-кх иза.

О, Чак1орни! Ма хаза хити Томасин хьо шен карайина!



Ткъа хьажал ма хаза д1ац1анйина Томасо ша Чак1орни лохуш волчу хенахь.





ISBN 82-03-05052-2